


Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан



Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

№ 39 (7179) 25 сентябрь Рузман 2015 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ


# Дербенталъ 2000 сон тIубай кIодо гьабуна

**I9 сентябралда Россиялъул бищунго некIсиял шагьаразул цояб – Дербент шагьар гIуцIаралдаса 2000 сон тIубай кIодо гьабуна. Праздникалъулаб тадбиралъулъ гIахьаллъи гьабизе рачIун рукIана Россиялъул ва республикаялъул вацлъиялъул шагьараздаса гурелги бакъбаккул рикIкIадаб гIорхъи бахун къватIиса рикIкIен гIемерал вакилзабазул делегациял. Гьеб праздникалда гIахьаллъи гьабуна нилъер районалъул делегациялъги. 20 чи вугеб делегациялда гьоркьор рукIана администрациязул, интеллигенциялъул, общественниялгун гIолилазул организациязул, районалъул СМИялъул вакилзаби. Делегациялъе нухмалъи гьабуна «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул ишал тIуралев ГIиса МухIамадович НурмухIамадовас.**



Шагьаралъул майданалда рихьизарулел рукIана батIи-батIиял районазул азбарал. Бищунго гIемерал гIадамал рачIунеб бакIалда букIана Унсоколо художественнияб фабрикалъул халкъиял мастеразул азбар. Гьенир рихьизарулел рукIана цIулада ишан кьабун гьарурал батIи-батIиял тIагIалаби. Машгьурав устар МухIамадгIали МухIамадгIалиевас праздникалде рачIаразе бихьизабулеб букIана цIулада батIи-батIиял накъищ бахъун тIагIалби гьарулеб куцалъул хIакъалъулъ мастер-класс.

Дербенталъ 2000 сон тIубаялъул юбилеялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабуна районалъул культураялъул управлениялъул начальник ХI. МухIамадовасул нухмалиялда гьоркь культураялъул управлениялъул вакилзабаз. Районалъул рахъалдасан цебе бахъараб «Унцукуль» ансамблялъ праздникалда бихьизабуна гIадатлъун лъугьараб «Лезгинка» кьурди.

Праздникалде рачIарал гьалбадерие хIадур гьабун букIана гIатIидаб программаялъул церерахъинал. ТIубараб къоялъго унеб букIана 29 миллияб азбаралъ гIахьаллъи гьабураб «ГIадат» абураб культураялъулгун этноподворалъул фестиваль. Гьездасан I3 букIана Дагъистан Республикаялъул халкъазул вакилзабазул, I6 – РФялъул цогидал регионазул.

Гьалбадерие рес щвана халичаби гьарулезул, щагIил тIагIалаби хIадурулезул махщалилгун лъай-хъвай гьабизе. ТIолабго Россиялдаго машгьурал Кубачи росулъаса гIарацмеседалъул устарзабаз гIарцул тIагIалаби хIадур гьарулеб куцалъул мастер-класс тIобитIана. Ярмаркаялде рачIаразе рес букIана жидеего бокьараб декоративиябгун прикладнияб искусствалъул ва халкъиял махщелчагIазул



тIагIалаби гьенисаго ричун росизеги.

*(Ахир 2 гьумералда)*

# Районалда рагьулеб буго МФЦ

Гьал къоязда райадминистрациялъул конференцзалалда тIобитIана Унсоколо районалъул гIолохъанаб гIелалъул РДялъул ГАУ ва РДялъул «МФЦ» специалистазулгун дандчIвай. Тадбир тIобитIиялъе гIилла букIана районалда октябрь моцIалда гIемер функционалияб центр рагьизе букIин, гьениб гIолохъанаб гIелалъе хIалтIаби рукIинари. Гьеб рагьизе буго Шамильхъала поселокалда.

Данделъиялде ахIун рукIана цоцо учреждениязул нухмалъулел ва росабазул гIолохъанаб гIелалъул вакилзаби.

КIалъазе вахъана общественносталъулгун бухьеналъул менbackup менеджер Мусаев Ислам, Республикаялъул МФЦялъул кадрабазул отделалъул нач. Елена Быстрицкая, ребрендигалъул специалист Мусаев МухIамад.

Бицана централда гьаризе кколел хIалтIабазул, гьенир ругел вакансиязул, гьединго гьенире хIалтIухъаби росизе конкурс гьабизе букIиналъулги.

Кадрабазул отделалъул нач. Елена Быстрицкаялъ бицана Унсоколо районалда рагьизе бугеб МФЦялда хIалтIизе вугин 20 чи ва гьенире лъугьине бокьараз жакъаго анкетаги цIезарун кьезе кколин. ГIахьаллъаразги хIалт1уда хурхун гIемерал суалал кьуна гьалбадерие ва гьезие чIванкъотIарал жавабалги щвана.

Гьеб тадбиралъулъ гIахьаллъарал г1олилаз цIезарун кьуна анкетаби конкурсалда гIахьаллъизе.

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 39 (7179)*
*25 сентябрь 2015 сон*



*РДялъул росдал магIишаталъул министерствоялъул баяназда рекъон, Дагъистаналда бакIарараб цIолбол бачIиналъул къадар 35 270 тоннаялде бахунеб буго. Гьоркьохъеб хIисабалда цо гектаралдаса бакIарун буго 88 центнер. РакIалда буго исана цIолбол I46 азарго тонна бакIаризе*

*Ахирисел харбал*

# Дербенталъ 2000 сон тIубай кIодо гьабуна



Праздникалъул тадбиразда гьоркьоб букIана Дер-бенталъул гIадамазул тарихиял гIадатал ва къагIидаби рихьизари. Бегьулаан Дербенталъул некIсияб бутIаялда ругел минабазул бокьаралъуреги лъугьун гьениб гьуинлъабазда данде чай гьекъезеги, гьалбал хирияял хозяинзабигун гара-чIваризеги.

Праздникалъул ахиралда Нарын-кала хъаладухъ букIана тарихиябгун театралияб щоу. 2 сагIаталда жаниб бихьизабуна некIсияб заманалдаса жакъа къоялде щвезегIан Дербенталъул тарих. «Нилъ чIухIизе бегьула гьалбал хирияв ракIал гIатIидал нилъер гIемермиллатазул халкъаздаса. Кидаго рохарал руго гьалбадеридаса. Хьул гьабулеб буго Дербенталъул юбилей кIодо гьабиялъ батIи-батIияб районазул шагьараздаa ва улкабазда гьоркьоб бухьенал щула гьариялъе кIудияб асар гьабизе букIиналда»,-ян абуна бакIалъулаб телевидениялъе кьураб интервьюялда «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул ишал тIуралев ГI. НурмухIамадовас.

# ТIадкъаял тIураялъул бицана



«Унсоколо район» МОялъул бетIерасул ишал тIуралев ГI. НурмухIамадовас тIобитIараб иргадулаб аппараталъул совещаниялда кIвар буссинабуна арал дан-делъабазда нухмалъулезда цере лъурал масъалабазде. Гьедин бакIал раялъул бугеб хIалалъул бицана бакIал раялъулгун архитектураялъул отделалъул нач. ХI. ХIамзатовас. Гьес абуна: бащдаб лъагIалида жаниб хIалтIизабизе кьезе хIадурго буго Майданскиялда речIчIухъабазул зал, - Унсоколо футболалъул поле ва цогидалги бакIал. Гьел лъугIизари хIалуцадго унел руго.

КIалъарав ЖКХялъул отделалъул нач. А. ГIабдулхаликъовас абуна: гьаруна хадусел хIалтIаби. Жакъа къоялде щвезегIан киналго бюджетниял организациязда энергетическиял цIех-рехал гьаруна ва гьабун буго энергетическияб паспорт. 38 гIемерквартирабазул рукъзабахъ мо-риторингалъе материал бакIарана, трассаби рацIцIад гьаруна.

Данделъиялда Дербенталъул ва районалъул юбилеял кIодо гьариялде гьарулел хIалтIабазул бицана культураялъул отделалъул нач. ХI. МухIамадовас. Гьединго школазул ва ясли-ахазул хIалтIул шартIазда тIадчIей гьабуна лъай кьеялъул управлениялъул нач. Л. МухIамадгIалиевас. Ракьазул ва кадастровияб хIалтIул бицана росабазулгун хIалтIи гьабулеб отделалъул нач. Ш. МухIамадовас.

Гьенибго ГI. НурмухIамадовас тIадчIей гьабуна районалда арал рищиязда ва гьелъулъ квербакъаразе баркала загьир гьабуна.

# Росдал магIишат гIуцIизин

Арал къоязда «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул ишал тIуралев ГI. НурмухIамадовас СПКязул ва МУПазул суал гьоркьоб лъураб дан-делъи тIобитIана. Гьенив кIалъазе вахъана росдал магIишаталъул управлениялъул начальник Ж. Якъубов. Гьес бихьизабуна магIи-шатазда бугеб хIал лъазабиялъе гьутабазде щванин; лъазабуна продукциялъул качество, бетIер цIунун бугеб куц ва хIалтIуе ругел шартIал. Щвана ЦIатIанихъ, Колоб, Генуб, ГьаракIуни ва цогидалги МУПазде. Хал гьабуна хасалиде хIадурлъиялъул, рагIи-хер бугищали, жанир чIолел бакIазул ахIвал-хIал. Цо-цо магIишатазул бецциле хIал гьечIо боцIуца хасел тIамизе кколел бакIазул.



Гьенирго кIалъазе рахъарал бакIазул нухмалъулез рорхана кIвар бугел суалал; ай субсидиязул, грантазул, боцIи хьихьарал бакIазда каналал рацIцIад гьариялъул, ракьал хIалтIизаризе ккеялъул.

КIалъазе вахъарав ГI. НурмухIамадовас кьварун лъазабуна нухмалъулезда налогал кьейилан. Гьединго лъазабуна ракьал тIад хьвай лъугIизабе,-ян ва гьел хайир кьоледухъ хIалтIизариялде кIвар буссинабе,-ян.

# Баркула!

ХIурматиял районцоял!

Баркула нужеда, щибаб росдал жамагIаталда тIаде щвараб хирияб Къурбан байрам. Гьеб байрамалъ гьорлъе бачуна инсанияг ракълиде ах1и. Загьирлъула исламалъул гIемер гIасрабазулал гIамалал: цоцаздехун адаб-хIурмат, захIматаб яшав бугездехун гурхIел. Жакъа гьезул кIудияб кIварги буго обществалда рух1ияб ва лъикIаб хьвада-чIвадиялъул цебетIей щвеялъе.

Биччанте гьеб гвангъараб байрамалъ нужее босун бачIине рекъел ва лъикIлъи, биччанте ТIадегIанас нужеца гьарурал лъикIал гIамалал къабул гьаризе.

РакI-ракIалъ гьарула нужер хъизамазе талихI, рохел, щулияб сахлъи ва хIалтIулъ икъбал!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ.**
**«Унсоколо район»МОялъул бетIер**

*Наркомания*

# Дур гIумруялъул захIмалъаби

ГIумруялъул хIалбихьи гьечIолъиялъ ургъел-агъаз гьечIеб лъимерлъиялъул ва гIолохъанлъиялъул гIужалда гIиси-бикьинал гъалатIазда цадахъго ккезе бегьула гIумруялъ жиб битIизабизе кIолареб ва тIубанго дурго гIумро кIалагъоркье чIвазабулеб пиша. ТIадчIей гьабизе бокьун буго унго-унголъунги гIисинаб гIелалъе хIинкъи бугеблъун хутIулеб бугеб наркоманиялда. Киса-кибго тIегьан бачIунеб буго гьеб. Гьелъие гIиллалъунги кколеб буго наркотиказда хурхараб бизнес гьабулел гIемерлъун рукIин.

Партиялъул сонازда гьеб букIана рахараб тема, доб заманалда гьеб улкаялдаго гьечIеб гIадин чIезабун букIана. ХIакъикъаталдаги гьанже гIадин гьелъул хIинкъи доб заманалда букIинчIо. Ахирияб заманалда тIолабго инсаниялъего хIинкъи бугеблъун буго наркомания. Дагъистаналда гьабсагIаталдда гьелъ унтаразул къадар 6000 чиясдасаги тIаде уна. Наркотикал цIан ва хIалтIизарун гIолилаз гьарулел руго гIемерал пасатал ишал, гьелъ тIиритIулел руго батIи-батIиял ВИЧ инфекция СПИДалде гIунтIун.

Кинха нуж наркотиказде ругьунлъизе бегьулел?



Гьелъ черхалъе гьабулеб лазатаб асаралъул бицун нужеда аскIоре гIадамал рачIине бегьула. Гьеб бичун яги мун наркотиказде ругьун гьавун, жидерго бизнесалъе цебетIей гьабулел гIадамал гIемерал руго. Байбихьуда чIобого тун, хадуб учузго кьун, дагь-дагьккун дур рукъалъул буголъи гьез батIа гьабизе буго. Гьебни бигьаяб жо, тIубанго хвезабизе буго дур сахлъи. ЦIараб ва хIалтIизабураб наркотикалъ лазатаб асаралда вукIиналъе гIоло дур гIумруялъул захIмалъаби байбихьизе руго гьелдасан. Цо хIалтIизаруралдаса гьеб гьечIого чIезе кIвезе гьечIо дуда ва наркоман вахъарав мун ккезе вуго аскIор ругел божулареб, пасатаб гIумруялде. Дудаго лъачIого гьаризе руго дуца пасалъаби. ГIицIго гьеб гуребги хадубккун наркотикал гьечIого дуда чIезе кIвезе гьечIо. Гьелдаго цадахъ лъалиш дуда, дур гьелъ гIумро кьокълъизабизе бугеблъиги.

РачIа киналго цадахъ лъугьун кьеркьезин гьеб инсаниялъего хIинкъи бугеб балагьалде данде.

***РЕДАКЦИЯ.***

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 39 (7179)*
*25 сентябрь 2015 сон*

*3 гьумер*

# С а д о в о д

Страница в номере



## К открытию филиала Многофункционального центра в районе

ГАУ РД «МФЦ в РД» извещает о проведении открытого отбора на вакантные должности в планируемом к открытию филиала Многофункционального центра в Унцукульском районе.

Отбор персонала в МФЦ проводится на конкурсной основе. Анкеты принимаются, как в бумажном, так и в электронном виде. Кандидаты проходят собеседование, на котором проверяется уровень информированности о деятельности МФЦ, профессиональные и личные качества. После первого отборочного этапа кандидаты проходят двухнедельное обучение (бесплатное) на базе Учебного центра Республиканского МФЦ. Затем получают практические навыки в одном из действующих МФЦ. Последним этапом, является аттестация кандидатов, по итогам которой лучшие из них принимаются на работу в Многофункциональные центры.

Анкеты присылать на электронную почту peronaI_mfcrd@mail.ru

В теме письма указать филиал МФЦ, в котором вы бы хотели работать, например «МФЦ Унцукульского района».

Рекомендуется изучить нормативные документы по следующим направлениям:

-Перечень услуг оказываемых в МФЦ

- Органы власти взаимодействующие в МФЦ

- Сроки предоставление услуг

-Размеры государственных пошлин

-Категории граждан имеющих право на получение государственных и муниципальных услуг.

Открыт набор на следующие вакансии:

-Директор (1)
-Оператор (5)
-Эксперт (3)
-Юрист (1)
-Администратор (1)
-Кассир (1)
-Делопроизводитель (1)
-Курьер (1)
-Завхоз-техник (1)

**Требования к кандидатам:**

1. Умение общаться с людьми, стрессоустойчивость, коммуникабельность.
2. Грамотная письменная и устная речь;
3. Отличное знание ПК;
4. Работоспособность, ответственность и исполнительность;
5. Высшее образование.

На рассмотрение также принимаются резюме лиц с ограниченными физическими возможностями в МФЦ созданы все условия для работы.

Кандидатам необходимо заполнить и направлять резюме на адрес электронной почты peronaI_mfcrd@mail.ru с пометкой МФЦ Унцукульского района.

Предполагаемая дата проведения конкурса будет сообщена кандидатам.

Следите за новостями на нашей сайте – www. mfcrd.ru

Телефон для справок: 666-999 (многоканальный)

## Урок налоговой грамотности

08.09.2015г. в целях привлечения внимания молодого поколения к истории развития налоговой системы, воспитания финансовой культуры и налогового правосознания подрастающего поколения, а также формирования положительного отношения молодежи к налоговой политике государства сотрудниками Межрайонной налоговой инспекции МРИ ФНС России №10 по РД во главе с начальником Гаджиевым Г.М. среди учащихся 11 классов Шамилькалинской средней общеобразовательной школы был проведен «урок налоговой грамотности». В мероприятии так же приняли участие начальник отдела камеральных проверок Магомедов М.Ш; главный госналоговый инспектор отдела камеральных проверок Мусаева П.М.; главный госналоговый инспектор отдела по работе с налогоплательщиками Магомедханова А.Т. специалист 1 разряда отдела по работе с налогоплательщиками Алиев И. М.

Начальник МРИ ФНС России №10 по РД Гаджиев Г.М. в своем выступлении перед учащимися в доступной и лаконичной форме раскрыл содержание понятий «налог» и «налоговая система», рассказал об истории налогообложения в России, о сущности налогов, об их функциях, о профессии налогового инспектора, о роли налоговых органов в деятельности государственной системы в целом.

Вторая часть урока была посвящена набирающим сейчас популярность «электронным сервисам». О понятии электронных сервисов, об их удобности для налогоплательщиков, для чего разработаны электронные сервисы, рассказала главный госналоговый инспектор Мусаева П.М. Особое внимание было уделено сервису «личный кабинет налогоплательщика для физических лиц». Речь шла в частности, для чего он создан, какие преимущества имеет, как получить регистрационную карту в налоговом органе для дальнейшего использования личного кабинета.

В качестве задания учащимся было предложено заполнить бланки заявлений для получения ИНН . С заданием все успешно справились и по истечении 5дневного срока им было предложено забрать в инспекции свидетельства о постановке на налоговый учет.

Информация налоговиков вызвала у школьников большой интерес, урок прошел оживленно. В завершении урока школьникам было предложено задать интересующие их вопросы. Наиболее интересными для школьников оказались вопросы, связанные с предоставлением социального вычета, с использованием «личного кабинета налогоплательщика», что вообще собой представляет идентификационный номер налогоплательщика, для чего он нужен. На все вопросы сотрудниками МРИ ФНС России №10 по РД были даны ответы, в наиболее понятной для школьников форме.

В конце встречи школьники признались, что расширили свои знания в области налоговой грамотности. Учитывая активность и интерес, с которым учащиеся слушали выступающих, можно надеяться, что сегодняшний урок станет для некоторых из них решающим при выборе профессии.

Так же школьникам были вручены памятные подарки и было предложено посетить Межрайонную инспекцию и ознакомиться с нашей работой уже на месте.

Так как проведение подобных мероприятий улучшает имидж налоговых органов и способствует формированию устойчивой гражданской позиции по исполнению обязанности по уплате налогов и сборов Межрайонная инспекция ФНС России №10 по РД планирует дальнейшее проведение подобного рода уроков со школьниками подведомственных инспекции районов

## Объявление

Федеральная антимонопольная служба (ФАС России) по поручению Председателя Правительства Российской Федерации Дмитрия Медведева проводит анализ сложившейся практики предоставления субсидий аграриям на предмет ее соответствия требованиям антимонопольного законодательства.

При наличии информации о нарушении установленного законодательством порядка предоставления субсидий сельхозтоваропроизводителям, а также о неправомерных отказах в их предоставлении жители Дагестана могут обратиться в Управление ФАС России по Республике Дагестан (Дагестанское УФАС) любым из нижеприведенных способов:

- почтой по адресу: 367000, г. Махачкала, пл. Ленина,2, УФАС
- в электронной форме на электронную почту – to05@fas.gov.ru
- через форму обратной связи на сайте Дагестанского УФАС – dagestan.fas.gov.ru.

Кроме того, фермеры могут направлять свои жалобы непосредственно в центральный аппарат ФАС России:

- почтой: 125993, г. Москва, ул. Садовая-Кудринская, д. 11, Д-242, ГСП-3
- по факсу: (499) 755-23-24, (499) 755-23-23 (тон № 3)
- в электронной форме на delo@fas.gov.ru
- через форму обратной связи на сайте ФАС России – fas.gov.ru.

## ОБЪЯВЛЕНИЕ

Управление социальной защиты населения в МО «Унцукульский район» информирует граждан района о том, что малоимущим, многодетным семьям, проживающим на территории Унцукульского района, дети которых поступают в первый класс, по их письменному заявлению назначается единовременная денежная выплата в размере 2 тысяч рублей.

При этом родители должны представить документы, справки и другую информацию, подтверждающие их право на получение данной денежной выплаты.

Заявления на назначение данной денежной выплаты принимаются до 1 декабря 2015 года.

***Основание:***

Постановление Правительства Республики Дагестан от 8 августа 2012 года № 265 «Об установлении единовременной денежной выплаты на детей, поступающих в первый класс, из малоимущих многодетных семей, проживающих в Республике Дагестан» (в редакции постановления Правительства РД от 8 июля 2013 года № 346);

Приказ Министерства труда и социального развития РД от 19 июля 2013 года № 03/2-911 «О мерах по обеспечению реализации постановления Правительства РД от 8 августа 2912 года № 265»

**Телефон для справок: 55 64 83; моб: 8988 468 22 60**

## *В Дагестане стартуют ежегодные Кавказские игры.*

27 сентября 2015 года в Дагестане стартует Фестиваль культуры и спорта народов Кавказа, так называемые «Кавказские игры», которые ежегодно проходят в Республиках СКФО с 2009 года. Церемония официального открытия Фестиваля состоится 27 сентября в 10:00 на стадионе «Труд» в г. Махачкала.

В рамках Фестиваля будут проходить показательные выступления по национальным видам спорта республик СКФО, культурная программа с участием творческих коллективов, выставки изделий народных промыслов и произведений художников из субъектов СКФО, а также другие мероприятия.

Количественный состав видов спорта фестиваля останется прежним. Как и в прошлом году, спортсмены из 7 субъектов СКФО будут состязаться в легкоатлетической эстафете, армспорте, перетягивании каната, лазании по канату, передвижении на ходулях, перевозке тяжести на дистанцию, поднятии тяжести, прыжковом двоеборье, силовом троеборье, стрельбе из лука, мини-футболе, борьбе на поясах. Состав сборной команды Дагестана на предстоящий фестиваль практически определен. Задача - занять первое общекомандное место.

В 19:00 состоится торжественная Церемония закрытия Фестиваля и награждение республики-победителя в командном зачете в зале «Русского драматического театра им. М.Горького» г.Махачкала.

Фестиваль «Кавказских игр» обещает стать в этом году масштабным, ярким и насыщенным событием. К участию приглашаются все, кто любит активный образ жизни!

*Унсоколо район гIуцIун - 80 сон*

# Беццасе - «телефон»

Дагъистаналдаго гIадин Унсокологи мажгит къараб лъеберабилел соназда НКГБялъул хIалтIухъабазул хадур лъугьиназдаса цIунизе кколел рукIана исламияб диналъул рахъ ккун чIарал. Росулъ как ахIизе, рузманал разе толароан.

ВухIамагIалиев ГIабдулхIажияв (Палупан) абун вукIана ункъойилъе санал рахарав беццав чи. КигIанго гьукъун букIаниги гьев унаан мажгиталъул минараялде как ахIизе. НКГБялъул хIалтIухъабаз гьесиеги кьолел рукIана хIинкъаби, букIаниги херав беццасда гьабизе жо букIинчIо.

Беццав чиясда как ахIулеб гIуж лъазабизелъун росдал гIадамаз гьесул добе жидерго къагIидаялъ гьабураб «телефонги» бачун букIана. Гьеб букIана гIадатияб гуреб. ХъахIмаххул банкаялъул кIалтIа дугъдазабун букIана, бухулеб къалиялда гIадин, цIоко. Гьелдасан банкадул тIинуги борлъун мадугьаласул бакIалде цIан букIана чархил кун. Гьеб куналда килщал кIутIигун «тIинкI-тIинкI» абун гьаракь бахъунаан бецщасул рокъоб, цинги гьевги ригь-ригьалда как ахIизе гIедегIулаан.

# Америкаялда унсоколосесул ккараб



Араб гIасруялъул ахиралда Юсупил МухIамадил бетIерлъуда чанго Унсоколосев ун рукIана жидерго къайи бичизе Америкаялде. Сан-Луиялда тира-сверун рукIаго гьел уна гIалхул хIайванал хьихьараб бакIалде гьезухъ балагьизе. Сверун чIварал жалазда тIасан террариумалде сантIа регун рахIат гьабулел ругел крокодилазухъ балагьун рукIаго, гьезул цоясул кIалдиса цIулал хъалиян бортунги ун «аздагьоялда» аскIоб речIчIула. Сверухъ рукIарал кеп щун релъула. Гьеб квеш букIарав унсоколсев, сверун чIварал жалазда тIасан жаниве кIанцIунги ун, аздагьо шурун бахъиналде, жиндирго хъалиянги кодоб ккун тиригo къватIивехун кIанцIун вачIуна. Сверухъе ракIарарал ралагьун хутIун рукIуна гьесухъ. Гьеб лъугьа-бахъиналъул хIакъалъулъ нахъисеб къоялда тIолабго щагьаралдаго тIибитIун уна. Гьелъ жеги цIакъ борхизабуна Сан-Луиялда магIарулаздехун адаб буголъи, базаралдаса абуни гьезул къайи хIажалъи бугезги гьечIезги гьездехун бугеб рокьиялъ босулеб букIана.

# Росдал некIсиял авалал

Революциялде щвезегIан цебе росулъ 4 авал букIана:

I. Щулалъул авал- нахъасан кьуру-хъитI бугеб щулияб бакI.
2. Иццухъ авал-росдаца лъел цIолеб бакI.
3. Бузахъ авал-цIолбол гьекъолеб жо гIемер гьабулеб бакI.
4. Мунтали авал-гьел питначагIи рукIун руго.

Кинабго гьабулеб иш, кьолеб кIалтIи некIо авалазде бикьулеб букIун буго. Масала, цо авалалъул гIадамал нухал къачIазе рахъинаруни, цогидаб авалалъул гIадамал лъел рахъал къачIазе рахъинарулел рукIун руго.

I9I7 сонaлдаса хадуб росдал тIасияб рахъалда минаби разе байбихьана ва гьениб гIун бачIана Можокъ авал. I954 соналдаса хадуб росулъ тIаде цIикIкIана Хазулъ, Сивухъ, Зонодухъ, ТIехIмагъилъ авалал.

*Рагъдаса руссинчIел гIолохъабазде*

ВатIаналде тIаде къо ккараб мехалъ
КъватIире рахъана дир росуцоял,
Макруяв тушманас хIилла ургъидал
ХIалтIиги рехун тун, ана рагъулъе.
ГIияда рукIарал гIияхъабаца
ГIиял рехъен цIунун йокьулей тана,
Рекъул иш камилав векьарухъанас
Кутанги кодоб ккун, эбелги тана.
ГIарахъ мегIералъул тIугъдуца гурищ
ТIад руссинчIел нужер бицунеб бугеб?
ТIогьол авлахъалда наязул зузуй
Нужер зигарилан ккола ракIалде.
МагIарул иццазул цIорорал лъъинал,
Нуж къанщулеб мехалъ гьекъезе анищ.
БагIар кьурда чIвалеб кьер меседил бакъ,
Нужер окопазда хинлъизе анищ.
РечIчIун чи толарев тулакаб хьергъу,
Гъаримлъи киб щвараб Насибил инсуй.
Векерун чодаса чилъи бергьарав
Чилъи кибдай хвараб Устаровасул.
РекIелъ чаран бугев, чорхолъ яхI бугев
ХIал кибдай хисараб Муслимовасул.
Сиррураманалъул хIарпаца хъвараб,
ХIалайго чIечIедай доб инсул КъурIан.
Биун чармил тIураб черегсаб лага
Гитлерил чукъбузе чучундай ккараб,
Баширил гIадинаб берцинаб гьумер,
Гьайбатлъи киб тараб МухIумил Гьимат?
Мазгарул гулладай гаргазабураб,
ГIалиханил Ису рокъой вуссинчIин,
ТIарамагъадисеб бачIанин кагъат
Барановскиясул областин абун.
ТIоцебесеб класс дие рагьарав
Дир учитель Алхас, кивдай къанцарав?
МахIмудил гIадинал гIащикъал кучIдул
Кирдай щущан тарал ХIамзатил инсул?
ГIурул чвахи гIадал чалухал берал
Кидадай къанцарал ГIаличачовасул.
Сабураб гьумерги гьайбатаб черхги
Чара киб тIагIараб ясазул инсул.
Гьабулаго рокьи кьалде буссарав
Кьибилалъул ХIаким киведай ккарав?
Кьолбода нур барал гьайбатал васал
Рокъоре руссинчIеб, чIунтаяб дунял.
Санайил бачIуна ичIабилеб май
Берлиналъул тIохда байрахъ борхараб,
Рагъда камуразухъ керен бухIарал
Такрарлъуге абе, нилъее гьаб рагъ.

**ПатIимат ГЬИМАТОВА**

**ЦIатIанихъ росо**

*Инхоса ГIалихIажияв гьавун - 170 сон*

# ГIакъилал жугьаби

***ГIабдал- ахIмакъасдехун, воре кIалъай гьабуге,***
***Жиндир пикру камилас, чи хIакъир гьавиларо.***
* * *
***Жиндий макъам бокьарас, халкъ къварид гьабиларо,***
***Жиндир диван битIарас, чи ватIа гьавиларо.***
* * *
***ГIадлуялда хьвадарал, Аллагь дуца цIунаги,***
***ЦIакъго халкъалъ веццулев, хвалида витIун ккаги.***
* * *
***ГIорцIизе гьабичIони катица цIогь толаро,***
***Рагьда чури тIечIони, гьвеца рукъ хьихьуларо.***
* * *
***ХIуби чIвачIеб чIалоялъ, рукъ биххизе гьабула,***
***Бицун батичIеб рагIуд, чи кIодо гьавуларо.***
* * *
***Нилъер чияр чи лъазе, чи холареб кьал ккаги,***
***Кьибилалъул хIал лъазе, холареб унти ккаги.***
* * *
***Гьаб дуниялалъул гIатIилъиялда,***
***ГIамалалда рекъон жо камуларо.***
* * *
***Квен буго черх лъикIлъизе кваналеб,***
***КечI буго ракI лъикIлъизе ахIулеб.***
* * *
***Гьинал ракIги чучун ракI цIилъиларо,***
***Лугбузда бугеб гьан гур-гурун индал.***
* * *
***РекIел ургъел бикьизе чи тIагIараб замана,***
***Чорхол унти бицине гьалмагъ гьечIеб дуниял.***
* * *
***Лъаралда гIамал гьаби гIелмуялъул пихъ буго,***
***Халкъалъе кумек гьаби, камилаб санаъ буго.***
* * *
***Анкьабго рекъолилан къадараб жо гьабуге,***
***КъотIуе гIунгутIизе гIантав чилъунги чIоге.***
* * *
***Воре, гIадамил лъимер, гIумругун къацандуге,***
***Дуниялалъул ресал рас течIого лъазаре.***
* * *
***ТалихI къарал къороллъулел руччаби,***
***Къо бухIарал бесдаллъулелин лъимал.***

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**с. Унцукуль**
**ул. Мустафаева 28**

**Телефон редактора**
**55-63-07**
**sadovoduns@yandex.ru**

Адрес издателя:
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать -24. 9. 15 г. 15, 10
фактически -16.20 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1500 экз.